# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# आराधनालय की एगो अगुवा क यीशु से मुलाकात




लेखक: Edward Hughes

अनुवादकः सुरेश मसीह

ब्याख्याकर: Byron Unger; Lazarus

अनुकूलित: M. Maillot; Sarah S.


कहानी 41 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children,*** *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

एक दिन यीशु आराधनालय में गोइलें तब उ देखलें कि लोग, उँहा परमेश्वर की मंदिर क अपमान कर रहल बाने। उ सब जानवरन क बिक्री अउर मंदिर में पइसा क लेन देन करत रहलें!



1

एगो तार के कोड़ा नीयर बना के, यीशु ओ ब्यपारियन के मंदिर की बाहर निकाल दिहलें। उ उन लोगन के आज्ञा दिहलन कि, "इन सब के दूर ले जाव जा" "तोहन लोग हमरी पिता की घर के व्यापार क जगह मत बनवअ जा" यीशु, अपनी पिता की घर से बेहद प्रेम करत रहलन।



2


अगुवा लोग यीशु के चिंन्ह दिखावे के कहलन जेवना से मालूम होखे कि उनके मंदिर खाली करवला क अधिकार बाटे।
3


यीशु उत्तर दिहलन, "ए मंदिर के तोहन लोग नष्ट कर द जा अउर हम ओके तीन दिन में फिर से खड़ा कर देइब।" असंभव! ए मंदिर के निर्माण करे में छियालीस साल लागल बा।
4


यीशु अपनी शरीर की बारे में कहत रहले। मंदिर की तरह, उनकर शरीर भी परमेश्वर क निवास स्थान रहल। हालांकि यीशु क्रूस पर मरेवाला रहलन, लेकिन उनके ई मालूम रहल कि परमेश्वर उनके तीसरा दिन मूवला में से जियइहन।
5


एक रात, आराधनालय की अगुवन में से एक जना यीशु से मुलाकात कइलन। चमत्कारन की माध्यम से उनके पता रहल कि यीशु ही परमेश्वर की ओर से भेजल गइल बाड़न। निकुदेमुस, यीशु की पास परमेश्वर की बारे में अउर अधिक जाने खातिर आइल रहलन।
6


यीशु नीकुदेमुस से कहलन की लोगन के परमेश्वर की राज्य में प्रवेश करे की खातिर नया सिरे से जनम लेबे के होइ। निकुदेमुस एके ना समझ पवलन। एगो बड़ आदमी फिर से एगो छोट लइका कइसे बन सकत बा? दिलचस्प बात ई बा कि उ एगो धार्मिक व्यक्ति रहलन। का एतना ओकरी खातिर पर्याप्त ना रहे?
7


"आत्मा से जे जनम लेले बा उ आत्मा हअ," यीशु समझवलन। "परमेश्वर क आत्मा एगो हवा की तरह हअ। लोग हवा के देख या समझ ना सकत बाने। हवा का करे ला, हमनी क खाली ओकरा के देख सकत बानी जा"
8


यीशु निकुदेमुस के याद दियवलन, पूर्व काल में इसराएल क लड़का लोग कवना तरह से मूसा से शिकायत कइल लोग। उ लोग गिड़गिड़इलन, "हमनी की पास कवनो भोजन, पानी ना बा, अउर हमनी क परमेश्वर के दिहल ई रोटी से नफरत करत बानी जा।"
9


लोगन क पाप परमेश्वर के क्रोधित कइलस। परमेश्वर, उनकरी बीच में उग्र नागन के भेजलें। नाग सब लोगन के डसलें अउर बहुतेरे लोगन मर गोइलें।
10


"हमनी क पाप कइले बानी जा। प्रार्थना करअ जा की यहोवा ए सांपन के हमनी से दूर करें," लोग विनती कइलें तब मूसा ओ लोगन की खातिर प्रार्थना कइलन। लेकिन परमेश्वर ओ नागन के उनसे दूर ना कइलन।
11


परमेश्वर मूसा से कहलन की एगो उग्र नाग बनाव अउर एगो उँच जगह पर ओके टांग दअ। परमेश्वर ई वादा कइलन कि, "हर केहु जेके नाग डसी उ जीवित तब रही जब, उ उँचाइ पर टाँगल नाग के देख लेई।" मूसा एगो पीतल क नाग बनवलन अउर जेतना लोग ओके देखलें उ सब लोग चंगा हो गइलें।
12


यीशु नीकुदेमुस के बतवलन कि, "मनुष्य क बेटा भी एही तरह से पीतल की नाग की तरह ऊपर चढ़ावल जइहन।"
13


यीशु ओ क्रूस क बात करत रहलन जेवना पर उ पापियन की खातिर मरे वाला रहलन।
14













आराधनालय की एगो अगुवा क यीशु से मुलाकात

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

यूहन्ना 2-3, गिनती 21

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा
जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा
यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के
पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक
गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ
बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी
खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउअ
ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि
हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह
सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह
रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !